# 4-ГIА ЛЕКЦИ. ЦХЬАНАТАЙПАНАРА МЕЖЕНАШ. ЦХЬАНАТАЙПАНАРА А, ЦХЬАНАТАЙПАНАРА БОЦУ А КЪАСТАМАШ.

## План

1. Цхьанатайпанара меженаш
2. Цхьанатайпанара меженаш вовшахйузу хуттургаш
3. Бертан а, бертаза а къастамаш
4. Йуххедиллар

**Пайдаэца коьрта литература**


1. Халидов А.И., Эдилов С.Э. ХIинцалера нохчийн мотт. Синтаксис: Дешнийн цхьаьнакхетар, цхьалхе предложени. Соьлжа-ГIала, 2023. – 320 с.
2. Навразова Х.Б. Чеченский язык: Описательный и сравнительно-типологический анализ простого предложения. Назрань, 2013. – 306 с.
3. Халидов А.И. Типологический синтаксис чеченского простого предложения. Нальчик, 2004. – 273 с.
4. Джамалханов З.Д., Мачигов М.Ю. Нохчийн мотт. II дакъа. Синтаксис. Грозный, 1985 – 126 с.
5. Халидов А.И. Нохчийн меттаIилманан терминийн лугIат. Соьлжа-ГIала, 2012. – 448 с.


**Лекцехь духьалкхета коьрта терминаш**: *цхьанатайпанара меженаш. бертан а, бертаза а къастамаш, шакъаьсттана къастам, йуххедиллар.*

## Цхьанатайпанара (предложенин) меженаш

**Цхьанатайпанара (предложенин) меженаш** (оьрсийн грамматикехь царах «однородные члены предложения» олу) цхьана дашца йозуш а, цхьана хаттарна жоп луш а йолу предложенин меженаш йу. Церан хIинццалц оьрсийн а. кхечу а грамматикашкахь йийцинчу билгалонашна Т.В. Жеребилос шен девзачу меттаIилманан терминийн лугIат тIехь тIетоьхна йолу кхин цхьаъ билгало а йу: цхьанатайпанарчу предложенин меженийн могIарехь царах цхьа а коьрта ларалуш йац, уьш йерриг а цхьана «бакъонехь» йу. «Цхьанатайпанара предложенин меженаш» бохург и ша къаьстина предложенин меженийн тайпа ду бохург дац, шиъ йа масеъ предложенин меже маьIнин, кепийн, кхочушдечу синтаксисан гIуллакхан агIонгахьара вовшех къесташ йоцуш, цхьана тайпанара йу бохург ду. Цхьанатайпанара хуьлий лела предложенин массо а меженаш – коьрта а (подлежащиш, сказуемиш), коьртаза а (кхачамаш, къастамаш, латтамаш). Дукха хьолахь цхьанатайпанара меженаш цхьана къамелан дакъойх а, цхьана грамматически кепехь а хуьлу. Масала, дийриг дожарехь долу цIердешнаш – подлежащиш: ***Мохьмада а, Зайнапа а, Маккас а*** *шайна аьхка хIорд тIе баха пурба дийхира дега*; лург дожарехь лач кхачамаш: *Дас* ***Мохьмадана а, Зайнапина а, Маккина*** *а аьхка хIорд тIе баха пурба*

*делира*; *Нагахь шаьш нуьцкъала махках даха йа керста дине дерзо хьовзадахь,* ***зударшций, берашций*** *цхьаьний летта хIаллакьхила сацам бина севццера уьш* (Айдамиров Абузар); куцдешнаш – латтамаш: ***Сийсара а, тахана а*** *корта лазаро хьийзош ву иза*; билгалдешнаш – къастамаш: *Хьаннийн йистошкахь гучудуьйлура* ***кIайн, можий, сийний*** *зезагаш* (Айдамиров Абузар). Нагахь санна предложени чохь масех цхьанатайпанара подлежащи хилча, уьш йерриге а цхьана сказуемица зIе йолуш хуьлу, цара кхочушдийриг оцу цхьана сказуемис гойтуш долу дар ду: ***Дешархой а,*** *церан* ***дай-наной а, хьехархой а*** *ишкол тоеш белхи беш бу;* ***Сой****, сан* ***ваший****, лулара* ***Бисланний*** *кхана гIала воьдуш ву цхьаьна*. Цуьнга терра, цхьанатайпанара сказуемиш нисъелча, цара массара а гойтуш долу дар и кхочушдечу цу масех подлежащица доьзна ду: *Майданахь долу адамаш* ***дIатийра****, дукха хан йалале* ***дIасадекъаделира*** *шайн-шайн цIа*. Цхьанатайпанара меженаш тайп-тайпанарчу къамелан дакъойх а, тайп-тайпанарчу грамматически кепашкахь а, йаьржина а, йаржаза а хила тарло: *Ахьмад* ***жима, хIинцца кхиина вогIуш, куц долуш а, дегIана зоьртала а*** *кIант вара*.

## Цхьанатайпанара меженаш вовшахтуху хуттургаш

Цхьанатайпанара меженаш вовшахтосуш коьртачу декъана хуттургаш лелайо, лакхахь далийнчу цхьадолчу масалшкахь санна, амма хуттургаш йоцуш а хила тарло церан цхьаьнакхетар, масала, подлежащи йа кхачам цIердешнийн «дагардаран кеп» йолуш хилча: ***Мохьмадий, Зайнаписий, Маккасий*** *шайна аьхка хIорд тIе баха пурба дийхира дега.* Хуттургаш йелахь а, йацахь а, цхьанатайпанара меженаш йозанехь вовшех къастайо запятойшца. Хьехархошна хаа дезаш кхин цхьа хIума а ду. Оьрсийн маттахь, ма-хаъара, шиъ цхьанатайпанара меже вовшахтосуш хуттург хилча царна йукъахь хьаьрк дуьллу дац: ***Студенты и преподаватели*** *дружно вышли на субботник*. Нохчийн маттахь цхьанатайпанарчу меженашна йукъахь хьаьрк хIотто догIу, уьш шиъ бен йацахь а: ***Студенташ а, хьехархой а*** *цхьаьна бертахь субботнике арабевлира.*

Цхьанатайпанара меженаш вовшахтасарехь пайдаоьцуш цхьаьнатохаран/цхьаьнакхетаран хуттургаш бен хуьлийла дац, хIунда аьлча, кхийолчу – карарчу – хуттургийн маьIнехь цхьаъ вукхунах дозуш хилар ду, ткъа цхьанатайпаналла цу маьIница догIуш дац. Нохчийн маттахь цхьанатайпаналла гойтуш кхаа тайпана хуттургаш лелайо:

1) дозаран хуттург **а**: *Селхана* ***со а****, сан жимахволу* ***ваша а****, лулара цуьнан* ***доттагIа Изновр а*** *футболе хьажа вахара; Иза* ***чу а веара****, чохь* ***а Iийра****, дукха ца Iаш* ***дIа а вахара;***

2) къасторан хуттург **йа**: *Кхана суна хьо гIалара цIа вогIуш* ***йа*** *керла* ***газеташ, йа*** *цхьа ши* ***книга*** *йа; Шега аьллачух мелла а сингаттам баьлла волу воккха стаг* ***йа вист а ца хилира, йа*** *ша волчуьра* ***метах а ца хьайра;***

3) дуьхьалара хуттургаш **амма, делахь а, хIетте а**: *Духар дорахчух,* ***амма*** *оьзданиг дара цуьнан; ЙоI лохочу дегIахь,* ***делахь а*** *товш йара; КIант эгIаза,* ***хIетте а*** *нуьцкъала вара*.

Йалийнчарах цхьайолу хуттургаш кхин гIуллакх кхочушдеш хила а тарло. Масала, **дозаран хуттург** предложенин цхьатайпанара меженаш а, чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенийн дакъош – цхьалхе предложениш а вовшахтосуш лелош йолу хуттург йу: ***Латта а, нийсо а, маршо а*** *лоьхуш гIуьттучарна* ***динарг а, дийриг а*** *ца хаьа хьуна?*

***Европехь а, Россехь а,*** *дуьненан массо а* **маьІІехь а**. *Дуьненахь цхьаьнгге а ца йаккхаелла* ***маршо а, нийсо а*** *йаккха гІерта* ***хьо а****, хьан* ***Іаьлбаг а****!* (Айдамиров Абузар); *ТІаьххьара а берриге* ***схьа а гулбелира****, хІинццалц санна цара шайн болх* ***дІа а болийра***. Амма дукха хьолахь предложенин цхьанатайпанара меженаш вовшахтосучу гІуллакххехь нисло дозаран хуттург. Цо вовшахтосуш йолу предложенин меженаш тайп-тайпанара йу – подлежащиш, сказуемиш, къастамаш, кхачамаш, латтамаш. Уьш цІерш йа цІерметдешнаш хилча, дозаран хуттурган меттана дозаран суффикс **-й** хила а тарло, царна тІеккхетта йолу: ***Латтий, нийсой, маршой*** *лоьхуш гІуьттучарна* ***динарггий, дийриггий*** *ца хаьа хьуна?* ***Европеххьий, Россеххьий,*** *дуьненан массо а* ***маьІІеххьий****. Дуьненахь цхьаьнгге а ца йаккхаелла* ***маршой, нийсой*** *йаккха гІерта* ***хьой****, хьан* ***Іаьлбаггий****!* (А. Айдамиров). Дозаран хуттург меттана дозаран суффикс хІотто тарло дукха хьолахь, и дан ца тарлуш меттигаш йогІу, нагахь санна цхьанатайпанара меженаш, подлежащи йа кхачам боцуш, кхин меженаш хилча: ***Чохь а, арахь а*** *ког билла меттиг йоцуш, дукха нах гулбеллера цаьрга, ткъа шо хан чохь а йаьккхина, доьзалан да цІа вирзина аьлла*. Делахь а, хуттургаш хоттаран суффиксашца хийцалуш меттигаш а хуьлу, цунах къамел дечара пайда а оьцу. Масала, къастамашца дозаран хуттург хила а тарло, дозаран суффикс хила а мега: *Маьнги тІехь охьатийсина бес-бесара –* ***цІен а, боьмаша а. сийна а, можа а*** *кучамаш йара. – Маьнги тІехь охьатийсина бес-бесара –* ***цІей, боьмаший, сийний, можий*** *кучамаш йара*.

З.Д. Джамалхановссий, М.Ю. Мачиговссий цхьанатайпанара меженаш вовшахтухуш лелош ду, аьлла, лакхахь далийна кхо тайпа а къастадо, тайпанашна йукъахь вай билгалдаьхначел сов *дуьхьалара хуттургаш* а йалош, – *ткъа, амма, делахь а, бакъду, цхьабакъду, хІетте а*. Амма цара далош долчу масалшна йукъахь дуккхадерш чолхечу предложенийн дакъош – предложениш вовшахтосуш дерш ду. Масала, **амма, бакъду** хуттургашна далош долу масалш хІорш ду: *Арахь кхоьлина,* ***амма*** *шийла йац; Лиэр чІогІа-м дара цуьнан,* ***делахь а*** *товш дара; Стиглахь мархам-м йара,* ***бакъду*** *догІа-м ца деара*. Цу кхаа масалх хьалхарий, кхоалгІий предложенишкахь хуттургаша вовшахтосуш йерш чолхечу предложени чу йогІу цхьалхе предложениш йу: *Арахь кхоьлина (йу)* цхьанахІоттаман предложени йу*, амма шийла йац* а цхьахІоттаман предложени йу, **амма** хуттурго и шиъ вовшахтасарца чолхе-цхьаьнакхетта предложени кхуллу*; Стиглахь мархам-м йара* шинахІоттаман предложени йу, шена чохь подлежащи **марха(-м)** а йолуш, сказуеми **йара** а йолуш, ***бакъду*** *догІа-м ца деара* а шинахІоттаман предложени йу, уьш хуттурго цхьана чолхечу предложенин кепе йалайо. Цхьанатайпанара меженаш вовшахтосуш лара мегар долуш далийнчу кхааннах цхьа масал ду, вовшахтосуш йерг шиъ цхьанатайпанара сказуеми а йолуш (лиэр муха дара? *чІогІа дара; товш дара*): *Лиэр чІогІа-м дара цуьнан,* ***делахь а*** *товш дара.* Йалийнчу предложенишна йукъахь дуьхьалара лору хуттургаш йукъахь йолу предложениш ца хиларо а шеко кхуллу цхьанатайпанара меженашца иштта хуттургаш лелаш хиларх. Цундела къаьсттина леринчу тидамехь латто деза цхьанатайпанара меженаш а, чолхечу предложенин дакъош (цхьалхе предложениш) а къастор, уьш а, вуьйш а цхьаьнатухуш цхьатерра хуттургаш хила йиш хиларна. Бакъду, З.Д. Джамалхановссий, М.Ю. Мачиговссий далийнчарна масалшна йукъахь дериге а дац цхьанатайпанарчу меженашца лелаш хуттургаш чулоцуш. Царах оьшурш – цхьанатайналлица догІуш дерш схьакъасто башха хала а дац. Цхьана предложенина, и хийца а ца хуьйцуш, и хуттургаш йукъатоха хьаьжча, меженаш вовшахтосуш дерш а, доцурш а билгалдовлу. Масала, *Лиер чІогІа,* ***амма*** *товш дара цуьнан* предложенига нийсса хила йиш йу *Лиер чІогІа,* ***делахь а*** *товш дара цуьнан, Лиер чІогІа,* ***хІетте а*** *товш*

*дара цуьнан*. Амма *Лиер чIогIа,* ***ткъа*** *товш дара цуьнан* бохург нохчийн маттахь лелаш предложени яц, и хуттург цхьалхе предложениш вовшахтосуш чолхечу предложени чохь шен меттахь нисло. *Лиер чIогIа,* ***бакъду****, товш дара цуьнан, Лиер чIогIа,* ***цхьабакъду,*** *товш дара цуьнан* ала тар-м ло, амма дукха хьолахь и дешнаш шина цхьалхечу предложенина йукъахь нисло (царах хуттургаш ала а догIий-те? Шайн маьIница а, кхочущдечу гIуллакхца а йукъадалочу дешнашна герга ду уьш: *Лиер чIогIа дара цуьнан,* ***бакъду (цхьабакъду)****, товш дара иза*).

Далийнчу бахьаница цхьанатайпанара меженаш цхьаьнатухуш лелош долу дуьхьалара хуттургаш хIорш лорур ду вай: *амма, делахь а, хIетте а.*

Цхьанатайпанарчу меженашца йолу хуттургаш дуьйцучу параграф чохь билгалдаккхарехь вукху тайпанашначул сов тидам тIебахийтина йуьйцуш йу З.Д. Джамалхановс, М.Ю. Мачиговс довзийтаран хуттургаш аьлча а, хьовха, вуьшта аьлча (церан маьIнехь лелаш хуттург **йа** хилар а хоуьйтуш). Амма ша къаьстина хуттургийн тайпа ду аьлла билгалдаьккхина дац. Шайн морфологих йолчу учебника тIехь оццу авторша довзийтаран хуттургаш ду, аьлла, къастийнарш **йа, аьлча а, вуьшта аьлча** ду. Кхета хала ду, оцу хуттургаша цхьанатайпанара меженаш вовшахтосуш хиларна ду царна тIе шай йоцчу меттехь оццул тидам тIебахийтар, йа цуьнан кхин бахьана ду (гуш доцу). Далош долчу масалшка хьаьжча вайна гучудолуш дерг уьш цхьанатайпанарчу меженийн хуттургаш лара бакъо луш-м ца хуьлу. З.Д. Джамалхановссий, М.Ю. Мачиговссий параграфана йукъатоьхна 2-гIа билгалдаккхар дерриге а дало дезар ду: «Аьлча а, хьовха, вуьшта аьлча дешнийн маьIнехь лелаш йолчу *довзийтаран* йа хуттургана хьалха даима а запятой йуьллу. Масала: *Шовдана йисте хи мала беана бара гIала, йа стен сай.* (Дуста: *Шовдана йисте хи мала беана бара гIала, аьлча а стен сай*). *Йуьртана къилбен агIор гуш бара арц, йа хьун тIехь йолу рагI.* (Дуста: *Йуьртана къилбен агIор гуш бара арц, хьовха (аьлча а) хьун тIехь йолу рагI*)». Гуш ду, кхузахь билгалйаьхна хуттургаш цхьана маьIнехь долу ши дош вовшахтохархьама лелош ца хилар. Хьалхара дош-меже ладугIучунна кхеташ ца хилахь а, аьлла, цуьнан йоккхуш кхин цIе йелахь, и йоккхуш, йацахь, маьIница цуьнца догIуш кхин дош далош, хьалхарниг кхетош масалш ду кхузахь дерш. Ишттачохь кхечу грамматикашкахь *кхеторан йуххедиллар* (нагахь кхеториг а, кхетош дерг а цIердешнаш делахь), йа *кхеторан къастам*, *кхеторан латтам* лору, кхеториг а, кхетош дерг а билгалдош йа куцдош, йа церан маьIнехь а, гIуллакххехь а кхин дешнаш делахь.[1] Масала: *Цуьнан коьртахь тиша, аьлча а, бехбина, цхьана хенахь сурмин хилла куй бара* – кхеторан къастам. *Йуьртана гена доццуш, аьлча а, йуьрта йистехь, дуккха а дошлой гулбеллера* – кхеторан латтам. Оьрсийн грамматикашкахь царах «уточняющее приложение», «уточняющее определение», «уточняющее обстоятельство» олу. Вайн меттан шен башхаллаш дуккха а йелахь а, ишттачохь мотт таллархь кхиамаш сов болчу меттаIилманехь зеделларг а, билгалдаьккхинарг а тIеэцарх вайн де а эша, галдала хIума дац.

[1] Хьажа: *Халидов А.И. Нохчийн меттаIилманан терминийн лугIат. Соьлжа-гIала: Пачхьалкхан унитарни предприяти «Книжни издательство», 2012, 375 а.*

## Цхьанатайпанара а, цхьанатайпанара боцу а къастамаш

Къастамаш шина кепара хуьлу: **бертан а** (барт бина), **бертаза а** (барт база).

Коьртачу дашца барт бечу къастамах **бертан къастам** олу. И барт билгалболу лач дожаршкахь къастаман чаккхе хийцайаларца, шайгахь терахьан категори йолчу билгалдешнех хиллачу къастамаша ша къасточу дашца терахьехь барт барца а, шайгахь грамматически классийн категори йолчу билгалдешнех хиллачу къастамаша ша къасточу дашца классехь бартбарца а. Масала:

*лекха кIант* *лекхачу кIанта*

*аьлла дош* *аьллачу дашо*

*жима йурт* *кегий йарташ*

*воккха стаг* *баккхий нах*

Бертан къастамаш а хилла нохчийн меттан предложенешкахь лела:

1) лаамаза мухаллин билгалдешнаш:

*Сийначу бацалахь лепара цIен зезагаш.*

2) массо а билгалдешан хьалхарчу легар чу доьлху лаамаза йукъаметтигаллин билгалдешнаш а:

*Стохкалера йалта телхина.*

3) лаамаза рогIаллин терахьдешнаш:

*Сан к1ант шолгIачу классехь доьшуш ву.*

4) лаамаза причастеш:

*Лоьккхачу эшаро ойла дIайаьхнера.*

5) причастни карчамаш:

*Ца хууш диначу хIуманна Дала а гечдо.*

6) цхьадолу лардан чаккхенгахь мукъа аз долу цIерметдешнаш, уьш ду: а) гайтаран – **хIара, дIора, иштта**; б) хаттаран – **муха, муьлха, мосалгIа**, **мичара**; в) къастаман – **кхи$^{н}$, важа**, г) къастамза – **цхьадолу, муьлхха а:**

*хIара стаг – кху стеган* *иштта амал – иштачу амална*

*муьлха адам – муьлхачу адамо* *мосалгIа урам – мосалгIачу урамехь*

*кхин кIант – кхечу кIанта* *важа йоI – вукху йоIа*

*цхьадолу хIума – цхьадолчу хIумано*

Ша билгалдечу коьртачу дашца бар ца бечу къастамах **бертаза къастам** олу. Къастам бертаза хилар ду цо ша билгалдечу дашца дожарехь а, грамматически классашкахь а йа терахьехь а билггал йолу уьйр йолуш цахилар.

Бертаза къастамаш а хилла нохчийн меттан предложенехь лела:

1) цIердешнийн доланиг дожаран формехь долу йукъаметтигаллин билгалдешнаш*: ненан дог, болатан урс, йоьзан тас, аннийн керт;*

*2)* оьрсийн маттара тIеэцна билгалдешнаш: *экзаменационни комиси, политически гIуллакх;*

*3)* тIеозоран а, тIеозоран-доладерзоран а, иштта доланиг дожаран формехь лаьтта къастаман маьIнехь а долу цIерметдешнаш: *тхан беш, цуьнан книшка, кхуьнан бахам.*

## Шакъаьсттана къастам

**Шакъаьстина къастам** предложенин шакъастинчу меженийн тайпанех цхьаъ ду. Шакъаьстинчу къастаман гIуллакх кхочушдеш лела хIара дешнийн кепаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а: причастин карчам, йуххедиллар, шен коьртехь билгалдош долу дешнийн цхьаьнакхетарш, дукхахьолахь, *волу* (*долу, болу, йолу*) хандешан гIоьнца билгалдечу дашца уьйр хуьлуш долу: *Суна тахана гIали йуккъехь гинарг Бексолта вара, **дукха хан йоццуш йуьртара схьакхелхина (волу); Дукха хан йоццуш йуьртара схьакхелхина волу**, хIинца а гIала дика йевзаза вара Бесолта; Малика, **жима а, куьцехь а йолу**, кхиболчу мехкаршна йукъахь къаьсташ йара*. Шен къаьсттина билгалонаш йолуш ду шакъаьстинчу къастамийн тайпа – *шакъаьстина йуххедиллар*.

**Шакъаьстина йуххедиллар** ша билгалдечу дашах дIа а ца кхеташ, цунах къастина (йуххебиллина) болу къастам бу. Йуххедиллар хуьлу даьржина а, даржаза а. *Даьржина* йуххедиллар шакъаьста, нагахь санна I) долахьчу цIарна тIехьа нисделча: *Юнус Дешериев, **нохчийн дуьненахь а гIараваьлла волу меттан Iилманча**, вина ТIехьа-МартантIехь 1918-чу шарахь;* 2) йукъарчу цIарна йа цIерметдашна тIехьа нисделча: *Сан ваша, **стохка университет чекхйаьккхина волу къона говзанча**, аспирантуре деша вахана*; *Иза, **стохка университет чекхйаьккхина волу говзанча**, аспирантуре деша вахана. Даржаза* йуххедиллар шакъастаран меттигаш хIорш йу: 1) цIерметдашна тIехьа нисделча: *Тхо, **студенташ**, хаза бертахь Iаш ду йукъараIойлехь*; 2) долахьчу цIарна тIехь нисделча: *Ахмадов Мусас, йа**здархочо**, шен кхолларалех лаьцна дийцира студенташна*; 3) шеца кхеторан дешнаш долчу, ша кхетош долчу даьржинчу цIердашна тIехьа нисделча: *Тхойшиннен а воцуш ца терг волу доттагIа, **Iабдул-Малик**, тIаьхьарчу хенахь цамгарш лехьо воьлла*. Шакъаьсташ доцу йуххедиллар шакъаста тарло, нагахь санна йукъарчу цIердашна тIехьа хиларал совнаха, къамелехь мелла а соцунгIа а йеш, тIетухучу маьIнехь иза далош делахь: *Воккхачу стеган, **Ахьмадан**, дуккха а дара кегийрхошна дийца*. Йуххедилларо кхетош дерг лааме билгалдош йа кхидолу лааме дош хилча (терахьдош, причасти, цIерметдош), йуххедилар шакъаьста: *Воккхачун, **Межедан**, шен долахь пхалгIа*

*йу; Кхелхинчун, Бисолтин, байш хила тIаьхьависина цхьа а вац*. Нагахь ламе дош цIердашна тIехьа нисделча, шакъаьстина йуххедиллар цунах хуьлу: *Межедан,* ***воккхачун,*** *шен долахь пхалгIа йу; Бисолтин,* ***кхелхинчун****, байш хила тIаьхьависина цхьа а вац*. Йуххедилларийн шакъастар къамелехь соцунгIица къастадо, йозанехь коьртачу декъана запятой йилларца билгалдоккху, предложенина йуккъехь хилахь – шина а агIор: *Нохчийн дуьненахь а гIараваьлла волу меттан Iилманча,* ***Юнус Дешериев****, 1918-чу шарахь ТIехьа-МартантIехь вина.* Йуххедиллар сиз (тире) йилларца а къасто тарло, нагахь санна иза, ша кхеточу дашна тIаьхьа а долуш, кхеторан маьIна къаьсттина билгалдоккхуш делахь: *Цхьанхьа ваха новкъаваьллачохь соьгахь даим а хуьлура Мохьмад Мамакаевн байтийн гулам –* ***суна некъа бацбеш волу сан некъан накъост****; Соьгахь даим а хуьлура Мохьмад Мамакаевн байтийн гулам –* ***суна некъ бацбеш волу сан некъан накъост*** *– цхьанхьа ваха новкъаваьллачохь.*

Ша-тайпа къастам хилла лела нохчийн маттахь йуххедиллар.

ХIума билгалйеш, цунна йуххехIуттучу цIердашах йуххедиллар олу: Масала:

Зуда-хьехархо класса чу йелира.

Бераша Терка чуьра баьккхира чабакх-чIара , йай-чIара а.

1. Йуххедилларехь ший а йукъара цIе йелахь, хьалхарниг йуххедиллар, шолгIаниг цо билгалдеш долчу йукъарчу маьIнин коьрта дош хуьлу, масала: йоI-дешархо, дешархо-йоI;

2. Йуххедилларехь долахь а, йукъара а цIераш хилахь, долахьчу цIарах йуххедиллар, йукъарчу цIарах цо билгалдеш долу дош хуьлу, масала: Соьлжа-ГIала, Москва-ГIала. Нагахь санна цу кепара йолчу композиташкахь хьалхара цIе йукъара а йолуш, ткъа долахь цIе рогIера йелахь, царна йуккъе дефис ца йуьллу: хи Орга, хи Терк.

3. Йуххедилларехь долахьчу цIарца йолу йукъара цIе говзалла йа корматалла гойтуш хилахь, йукъарчу цIарах йуххедиллар, ткъа долахьчу цIарах цо билгалдеш долу дош хуьлу, масала: поэт М.Сулаев, артист Дениев I.